



KOMINIKÈ KWA WOUJ AYISYÈN, KOMITE ENTÈNASYONAL KWA WOUJ AK FEDERASYON ENTÈNASYONAL SOSYETE KWA WOUJ AK KWASAN WOUJ YO POU LANSE YON LÒT APÈL SOU PWOTEKSYON MISYON MEDIKAL, AKSÈ IMANITÈ AK RESPÈ ANBLÈM KWA WOUJ LA

Pòtoprens, 19 oktòb 2022

Devan zak vyolans kap repete an Ayiti nan moman sa yo, Lakwa Wouj Ayisyèn, Komite Entènasyonal Kwa Wouj ak Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwa Wouj ak Kwasan wouj yo lanse yon lòt apèl pou pwoteksyon misyon medikal la, aksè imanité ak respè anblèm Lakwa Wouj la.

Pandan ke zak vyolans yo ap kontinye afekte peyi ya, rate gaz la ap peze sou konsekans imanité kite deja trè grav nan kriz la. Jodi a gen yon pati nan popilasyon ki rankontre gwo difikilte pou l deplase, pou l bay tèt li manje epi pou l reponn ak pi piti bezwen yon moun dwe genyen poul viv. Malgre sitiyaasyon difisil sa a, Ayiti ap fè fas kounye a yon rebondisman maladi kolera nan peyi ya.

Nan moman difisil sa a, rezèv dlo ak enèji ansanm ak aksè ak sèvis lasante, vin prèske enposib pou popilasyon ki pi vilnerab yo. Sèvis sa yo vrèman afekte. Sa fè anpil sèvis ap fèmen oswa yo pral oblije fèmen nan yon ti tan si sitiyaasyon wan ap kontinye. Sa ki pral anpeche yon gwo pati nan popilasyon an gen aksè ak swen. Jodia fè lopital yo jwenn gaz se pi gwo ijans pou sove lavi.

Devan sitiyaasyon sa a, Mouvmman Entènasyonal Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj vle fè tout moun sonje respè prensip imanité yo. Moun ki blese ak moun ki malad yo dwe gen garanti yap jwen aksè ak sèvis medikal san diskriminasyon, san okenn limit, tout tan ak nan tout sikonstans. Yo pa dwe anpeche yo jwenn lavi oswa maltrete yo.

Anplis de sa, batay kont kolera a mande pou tout aktè medikal yo mobilize pou anpeche yon epidemi ki menase lavi anpil moun, tankou timoun ak moun ki pi vilnerab yo. Nan moman an, Lakwa Wouj Ayisyèn, avèk sipò patnè li yo nan Mouvmman Entènasyonal Kwa Wouj, ap aktif nan sipòte repons kont kolera a. Sepandan, operasyon li yo, menmjan ak operasyon anpil lòt aktè imanité kapab bloke si kounye ya pa gen gaz.

Se poutèt sa, Mouvmman Entènasyonal Kwa Wouj ak Kwasan Wouj mande tout aktè konsène yo pou yo respekte ak pwoteje pèsònèl lasante, mwayen transpò ak enfrastrikti medikal nan tout sikonstans. Misyon yo se anpeche ak soulaje soufrans moun ki blese oswa ki malad epi tou pwoteje lavi ak lasante tout moun. Pou rezon sa yo, pèsòn pa dwe janm anpeche yo oswa antrave misyon yo.

Finalman, nap fè tout moun sonje Mouvmman Entènasyonal Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj la se yon mouvman imanité, san patipri e endepandan. Misyon li se pwoteje lavi ak diyite viktim konfli ame ak lòt sitiyaasyon vyolans ak dezaz natirèl, bay yo sekou ak asistans nenpòt lè sa nesesè. Se poutèt sa, respè pou anblèm Lakwa Wouj, anbilans ak pèsònèl sekou an Ayiti enpòtan anpil, nan non respè prensip imanité yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri, kontakte :

Koné Yssouf. Misyon Komite Entènasyonal Kwa Wouj Ayiti : +509 31 53 8698

Périclès Jean-Baptiste, Kwa Wouj ayisyèn, tel : + 509 4895 6149

Suzanna Arroyo , Biwo rejyonal Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwawouj ak Kwasan Wouj yo pou Amerik la: +507 6999 3199